


ပြည်ထောင်စု

ကလေးတို့၏ အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး

ပြည်ထောင်စု၏ အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး
အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး
အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး
အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး

ပြည်ထောင်စု - ၆ အကျိုးအမြတ်
အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး
အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး
အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး

ပြည်ထောင်စု၏ အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး



ပြည်ထောင်စု၏ အကျိုးအမြတ်ကို အကျိုးတော်စားအဖြစ် အကျိုး

PEŦIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS.

TANAH NGRIKI.

Rerigen madosaken panggesangan. Wonten pawartos wadana ing Plajen, Ngajogja, gaḡah ada-ada mitoeloengi tetjang ingkang sami boten gaḡah panggesangan, sarana dipoen gaḡoehi babon, sageda angsal asil saking tiganipoen, ing sapoenika sampoen dipoen wiwiti saking kloerahan Degok.

Pitoeloengan poenika manawi saged toemindak saé pantès dipoen lestantoenaken lan oegi pantès dipoen télad.



Sawer ageng. T. M. H. Soetomo ing Wonoredjo, Kentjong, mentas njandjata sawer sawa ing wana Djadrekan. Sawer waoe pandjangipoen 4.35 m. Mriksanana gambar.

Nglaloe saking dajaning malèsèt. Ing saganten satjelakipoen Padang pinanggih wonten majitipoen bangsa Tionghoa kampoel-kampoel wonten ing toja. Sareng katitipriksa majit waoe majitipoen soedagar karèt, ing grija pinanggih wonten tilaranipoen serat 2, satoenggal toemoedjoe ḡateng ingkang èstri, satoenggalipoen ḡateng poelisi. Ingkang ḡateng poelisi mratélakaken tijang waoe sampoen oemoer 60 tahoen, kinten kinten sampoen boten meningi poelihing reregèn karèt malih, dados anggèning pedjah poenika nglaloe djalaran saking mloroting reregèn karèt.

Lalampahan poenika notjogi kados oetjap-oetjapan: donja poenika adamel pepeteng

Béja f 11.000 mèh mroetjoet. Toko Hin Jin Bros ing Singaradja (Bali), misoewoer sasadéjanipoen barang mirah sanget. Ing bab poenika ladjeng noewoehaken soedjananing poelisi. Sareng poelisi niti barang-barang kintoenan ḡateng toko waoe wonten ing palaboehan, kasoemerepan barang-barang kintoenan waoe, ingkang katjarijos isi mretjon, inglebet isi dlantjang sigarèt toewin barang sanès-sanèsipoen, béjanipoen kémawon f 11.000. Inspektur pabéjan ing Soerabaja ladjeng papriksa mrikoe, aspiran komis palaboehan kadakwa sekoetoc, ladjeng dipoen kèndell.

Temtoenipoen tindak kados makaten poenika toewoeh saking ichtjar pados kabegdjan wonten ing djaman malèsèt.

Roemeksa ing katentreman. Kawartosaken kala ing taoen 1930 Nationaal Arbeidssecretariaat ing Amsterdam kintoen arta ḡateng tetjang boetjalan ing DiGoel kaḡahipoen f 100.— Nanging arta waoe dipoen tampik déning Goeprenoer Maloekoe. Pakempalan waoe ladjeng nerangaken ḡateng Tweede Kamer, angsal wangsoelan wontenipoen katampik, kakoewatosaken manawi kanggé sangoe miroeda.

Sawarnining lalampahan poenika manawi taksih wonten salebetting kasamaran, pinanggihipoen inggih wonten-wonten kémawon.

Kasangsaran ing Miangas. Mitoeroet pawartos, kasangsaran ing poelo Miangas kados ingkang sampoen kawartosaken ing Kadjawèn, sareng kapriksa jektos, grija 95 woewoeng, ingkang wilodjeng namoeng 4, wit klapa 13.000 ingkang rebah 10.000, ingkang 3000 risak, kapitoenan f 75.000.

Manawi kapétang, kasangsaran poenika sakalangkoeng ageng, ngriksak panggesangan toewin katentremanipoen tetjang ingrikoe.

Pamoelangan Mosvia ing Probolinggo lestantoen. wonten pawartos bilih pamoelangan Mosvia ing Probolinggo boten saèstoe kagamblokaken dados satoenggal kalijan Magelang, oetawi dipoen soewak.

Sapoenika sampoen pinanggih wonten pawartos soewakan ingkang boten saèstoe, awit menggah pigoenanipoen pantjèn katingal, kinten-kinten toemrapping pamoelangan sanès inggih sami mèrèkaken.

P. K. N. oegi nindakaken politiek. Sakawit kawartosaken, bilih P. K. N. poenika mengkeraken ḡateng politiek. Menggah sajek-tosipoen pawartos waoe boten njata, P. K. N. taksih toemandang sapreloenipoen.

Temtoenipoen toemrap djaman sapoenika, pakempalan ingkang tanpa gegajoetan kalijan politiek aros tjemplang.

Arta moespra. Kawartosaken ing taoen 1931 Nagari kapitoenan arta mèh 4 joeta roepijah. Arta samanten waoe ingkang f 2.194.635 arta paos, ingkang sampoen boten kènging katarik malih, déné ingkang f 530.689.83 dipoen salingkoehaken déning poenggawa Nagari.

Dados sanadyan Nagari inggih wonten amanipoen.

Balandjanipoen para Burgemeester. Wonten pawartos, wiwit béndjing tanggal 1 Januari 1933 Paréntah boten baḡé ambijantoe ambalandja para Burgemeester.

Poenika dados satoenggiling sasanggèn sawatawis awrat toemrap Gemeente. Nanging kinten-kinten inggih saged toemindak, mangsa kekiranngan margi.

Papan pangoengsèn énggal. Roemijin sampoen kawartosaken, Paréntah sampoen angèndeli toemindak pabojongan ḡateng Lampoeng. Ing sapoenika wonten pawartos, toemrap tjang pabojongan énggal ingkang asli saking Kediri toewin Nagjogja kpapanaken wonten satjelakipoen Goenoeng Soegih, oegi laladan Lampoeng. Wonten ingrikoe baḡé amboebak wana ageng, pasitnipoen loh, djembarang pasiten wonten 40.000 baoc.

Ing tanah ngriki poenika kapratélakaken kaḡah djiwanipoen, lan njatanipoen oegi djembar boeminipoen. Dados ing panginten kaḡahing tijang baḡé boten kekiranngan papan.

Pakempalan Roekoen Krija Santosa Madja. Ing Sragèn (Madja Sragèn) wonten pakempalan nama kados inginggil, antjasing pakempalan waoe angedegaken pakarjan patoekangan, kadosta: toekang besi, toekang lampoe (andandost dilah), toekang kajoe, toekang batoc toewin sanès-sanèsipoen, oegi sadé barang warni-warni. Adéging pakempalan waoe mawi aandeel.

Tindak makaten poenika kinten-kinten baḡé mitoeloengi ḡateng para anggoeran, makaten oegi anenangl ḡateng padamelan krija. Dados tetjang soemerep, bilih wedaling teḡa poenika marginipoen warni-warni.